# «Qaraqalpaq suw támiynatı» JShJ menen Baspasóz konferenciyası bolıp ótti

Búgin Qaraqalpaqstan Respublikası Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw ministrligíniń májilisler zalında «Qaraqalpaq suw támiynatı» JShJ tárepinen 2020-jıl dawamında ámelge asırılǵan jumıslar sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikasında 2021-jıl 21-yanvar sánesinen baslap ishimlik suwına jańa bahanıń engizilip atırǵanlıǵına baylanıslı kelip shıǵıp atırǵan sorawlar boyınsha Baspasóz konferenciyası bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Onda, "Qaraqalpaq suw támiynatı" juwapkershiligi sheklengen jámiyeti baslıǵı, tiyisli juwapkerler menen jurnalist hám blogerler qatnastı.

Baspasóz konferenciyasında jurnalist hám blogerler tárepinen berilgen sorawlarǵa taraw qánigeleri tárepinen hár tárepleme juwap berildi. Sonday-aq, anıq túsinikke iye bolıwı ushın taza ishimlik suwın tutınıw ushın jaramlı halǵa keltiriwge shekemgi process viideokórinislerde bayan etildi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti